# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में विधानसभा उप चुनाव के तारीख क घोषणा कइ दिहल गइल हवे। मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार बतउले कि उप चुनाव में तेरह नवंबर के मतदान करावल जाइ। ओटे क गिनती तेइस  नवंबर के होइ दस गो सीटिनि पर होखे वाले येह उप चुनाव में अबले सपा छौ अउर बसपा पांच सीटिनि पर अपने–अपने ओम्मेदवारन के नाव क घोषणा कइ चुकल हवे। भाजपा अबहिन ले अपने ओम्मेदवारन क नाव घोषित नाही कइले हवे। प्रदेस क फूलपुर, गाजियाबाद, मझवां, खैर, मीरापुर, कटेहरी, करहल, अउर कुंदरकी विधानसभा सीटिनि पर उप चुनाव होखे के हवे। अजोध्या के मिल्कीपुर सीटि पर अबहिन चुनाव क घोषणा नाही हो सकल हवे।

**********

हिंसा परभावित बहराइच जिला में सीनियर अधिकरियन के पहुंचले के बादे हालति पुरहर काबू में हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेस के बाद पुलिस अउर प्रसासनिक टीमि हिंसा में सामिल लोगिन के हिरासत में लेवे खातिर तलासी अभियान सुरू कइ दिहले हवे। जिला में सान्ति बनावे रखे बदे चारि गो आईपीएस अधिकारी, दुइ गो एएसपी अउर चारि डिप्टी एसपी तैनात कइल गइल हवे। एकरे अलावे हालति पर काबू रखे खातिर बारह कंपनी पीएसी, दुइ कंपनी सीआरपीएफ अउर एगो कंपनी आरएफओ तैनात कइल गइल हवे। डीजीपी प्रशांत कुमार बतउलें कि घटना में सामिल दस लोगिन के खिलाफ प्राथमिकी दरज कइल गइल हौ। येह में चारि–चारि नामजद हवें। अज्ञात उपद्रवियन के बारे में जनकारी जुटावल जा रहलि हवे। डीजीपी स्थानीय निवासियन से अफवाहन अउर  गलत सूचना के लेके सतर्क रहले क आग्रह कइले हवे। ओहर बहराइच में भइल हिंसा में जान गवावें वाले युवक के परिवार वालन से मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मुलाकात कइले। उहां के पीड़ित परिवार के दस लाख रूपिया, मुख्यमंत्री आवास, अंनत्योदय कार्ड अउर मृतक के पत्नी के ओकरे योग्यता के हिसाबि से नौकरी दिहले अउर दोसियन के ख्लिाफ कड़ेर कार्रवाही कइले क आस्वासन दिहलें।

**********

कपड़ा मंत्रालय के सहजोग से कालीन निर्यात संवर्धन परिषद की ओरि से आजु भदोही में चारि दिवसीय कालीन मेला क सुरूआत कइल गइल। मेला क उदघाटन कपड़ा मंत्री गिरीराज सिंह कइलें। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत श्री सिंह कहलें कि कपड़ा मंत्रालय बरिस दुइ हजार तीस ले छौ करोड़ लोगिन के रोजगार दियवले के कार्ययोजना के साथे कार कइ रहल हवे। येह समय ई उद्योग एक सौ सत्तर मिलियन डॉलर क हवे, जेके दुइ हजार तीस ले तीन सौ बिलियन डॉलर ले, ले अइले क लक्ष्य हौ। कपड़ा मंत्री कालीन निर्यातकन से अपीलि कइलें कि ऊ कालीन उद्योग के सोरह हजार करोड़ से बढ़ा के पचास हजार करोड़ रूपिया ले पहुंचावे बदे कार करे। उहां के येह कार में तकनिक क सहारा लिहले क सुझाव देत कालीन निर्यातकन के ई भरोसा दिहले कि राज्य अउर केन्द्र दुन्नो सरकार एकरे बदे उनकरे साथे खड़ी हवे। येह मौका पर केन्द्रीय कपड़ा अउर विदेस राज्य मंत्री पवित्रा मार्गेटा अउर प्रदेस क उद्योग मंत्री राकेस सचानो मौजूद रहलें। चारि दिवसीय मेला में सड़सठ गो देसन के पांच सौ से बेसी आयातक प्रतिनिधि अउर दुइ सौ साठ निर्यातक देस क प्रतिनिधि हिस्सा ले रहल हवे।

**********

एयर इण्डिया के एगो एयरक्रॉफ्ट में बम होखले के सूचना के बादे ओके अजोध्या के महर्षि वाल्मीकि एयरपोर्ट पर सुरक्षित उतारल गइल अउर विमान में बइठल एक सौ ओनतालिस यात्रियन के सुरक्षित बहरे निकारल गइल। ई एयरक्रॉफ्ट जयपुर से अजोध्या आवत रहल। यात्रियन के उतरले के बादे सूचना के सत्यता क गहन जांचि कइल जा रहल हौ।

**********

गोरखपुर जिला क ओन्तालिस चिकित्सा इकाइयन के बीस लाख पैंतीस हजार रूपिया के कायाकल्प पुरस्कार बदे चुनल गइल हवे। येह में चुनल जाए वाले चिकित्सा इकाइयन में छौ गो प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र, सोरह गो सहरी प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र अउर सत्रह आयुष्मान आरोग्य मंदिर सामिल हवें। जिला क मुख्य चिकित्सा अधिकारी आशुतोष कुमार दुबे बतउलें कि चरगांवा प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र पहिलही कोसिस में जिला में पहिला जगहि पर रहल हवे। इलाहीबाग सहरी प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र तीसरकी बेरि ई पुरस्कार जीतले हवे, जबकि साहपुर के सहरी प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र के चउथी बेरि पुरस्कार जीतले में सफलता मिलल हवे।

**********

मिशन शक्ति अभियान के तहत आजु अमरोहा में पुलिस अधीक्षक के निरदेसन में सज्जों थाना पर चौपाल अउर पुलिस क पाठसाला लगा के मेहरारून अउर लइकनिनि के नारी सुरक्षा अउर स्वावलंबन खातिर जागरूक कइल गइल। येह मौका पर लइकनिनि के गुड टच अउर बैड टच क जनकारी दिहल गइल सथहीं साइबर फ्रॉड से सुरक्षा क टिप्सो दिहल गइल।

**********

चंदौली जिला में आजु चारि दिवसीय नेशनल गर्ल्स हैंडबॉल प्रतियोगिता क सुभारंभ भइल। येह प्रतियोगिता में देस भर क तेइस गो टीमि हिस्सा ले रहलि हइनि। एकरे अलावे छौ गो अंतर्राष्ट्रीय टीमों प्रतिभाग कइ रहलि हइनि। प्रतियोगिता के पहिला दिन्ने आधा दर्जन से बेसी मैच भइल जेहमें, खिलाड़ी आपन प्रतिभा क परदरसन कइलें।

**********